



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

APRE WOS ENPÒTAN DISKOU ANTI MIZILMAN AK ANTISEMIK SOU REZO SOSYO, GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE NOUVO RESOUS POU KONBAT RAYISANS ANLIY

Done Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la te suiv yo montre 425 pousan ogmantasyon nan diskou rayisans anliy kont kominote jwif yo ak 417 pousan ogmantasyon kont kominote mizilman yo

Gouvènè a deplwaye 3 milyon dola pou devlope modèl ekip evalyasyon ak jesyon menas ki reyisi Eta a pou tout kanpis inivèsite yo; Apiye efò Eta a pou konbat vyolans ekstremis ki lanse pandan n ap apwoche dat fiziyad an mas sipremasis blan yo nan Buffalo

Gouvènè a mande Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan devlope yon kit zouti edikasyon sou medya pou lekòl matènèl rive nan 12yèm ane yo pou bay fòmasyon ak resous ki enpòtan pou jèn yo; Eta a krewe [Gid enfòmasyon](#) Pou paran yo pale ak pitit yo konsènan diskou rayisans sou entènèt nan sezon fèt sa

Aprè kontni TikTok viral k ap fè lwanj pou Osama Bin Laden lan, Gouvènè a [mande Lidè Antrepriz Rezo Sosyo](#) yo pou mete anplas filt anti-rayisans ki pi solid pou itilizatè yo

Gouvènè Kathy Hochul te deplwaye jodi a nouvo resous pou kontinye konbat ogmantasyon kontini diskou rayisans anliy lan nan New York. Gouvènè Hochul te anonse yo ta bay 3 milyon dola pou devlope fòmasyon sou Evalyasyon ak Jesyon Menas, Inite Prevansyon Teworis Lokal (Domestic Terrorism Prevention Unit, DTPU), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) pou tout kolèj ak inivèsite nan Eta New York. Gouvènè te mande Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan pou devlope epi distribye yon kit zouti edikasyon sou medya pou ede edikatè lekòl piblik yo anseye elèv yo sou kijan pou siyale move enfòmasyon/fo enfòmasyon ("MDM") anliy, voye yon [lèt](#) bay gwo konpayi rezo sosyo yo pou mande yo ogmante kontwòl kontni ki ta ka ensite vyolans, epi pibliye yon gid enfòmasyon pou paran yo ede antame konvèsasyon sou enpak restriktif lahèn ak diskou rayisans ak jèn adilt yo lè yo tounen lakay pandan sezon fèt la. Aksyon sa yo vini apre yon ogmantasyon 400 pousan menas anliy antisemitis ak anti islamik nan tout

peyi a depi kòmansman oktòb ak pwopagasyon diskou rayisans ki kontinye nan espas anliy yo.

“Vag rayisans k ap monte a mete tout Nouyòkè arisk -- epi antanke Gouvènè, Mwen angaje pou atake kriz la afwon,” **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap deplwaye resous sekirite fizik, devlope ekip Jesyon ak Evalyasyon Menas, mande konpayi rezo sosyo yo pran mezi ki pi solid, epi ankouraje fanmi ak kominote yo reyini ansanm pou konbat rayisans lan ansanm. New York te toujou yon flanbo lespwa, tolerans ak enklizivite, epi sa ap defini pa fason nou reyini ansanm pou kondane rayisans sou tout fòm."

Avèk yon nouvo investisman 3 milyon dola nan Inite Prevansyon Teworis Lokal (DTPU), DHSES la, Eta a ap devlope fòmasyon ak sipò sou Evalyasyon ak Jesyon Menas (Threat Assessment and Management, TAM) nan kolèj ak inivèsite nan tout eta a.

DTPU ap fè fòmasyon pou tout kolèj ak inivèsite nan Eta New York; edike administratè, pwofesè, ak anplwaye lekòl yo, sou kijan pou devlope ekip TAM; epi bay fòmasyon konstan pou antite yo sipòte yo. DHSES ap ede konekte rezo ki egziste ki nan operasyon aktyèlman nan sistèm SUNY ak CUNY yo epi asire pataj enfòmasyon ant nouvo efò TAM kolèj ak inivèsite sa yo ak ekip TAM plizyè disiplin nan tout konte a ki te tabli nan eta a depi atak teworis entèn an me 2022 a nan Buffalo, New York.

Dapre efò sa, nouvo Ekip TAM yo ta:

- Itilize ekip pwofesyonèl ki fòme pou evalye risk epi kreye plan jesyon pou moun ki nan wout pou vyolans yo;
- Rekonèt konpòtman yo epi defini pwotokòl ogmantasyon ki apwopriye yo;
- Tabli yon mekanis rapò ki santralize pou resevwa rapò konsènan konpòtman elèv ak pasan yo; epi
- Edike pèsonèl administratif ak pwofesè yo sou faktè risk ak siy avètisman pou idantifye konsènan konpòtman yo bonè avan yon ogmantasyon vyolans.

Evènman entènasyonal resan yo te gen enpak dirèk isit la nan New York, ki enkli konfli Izrayèl-Amas la ak Gè Ikrèn nan. Chak te pote yon vag pwopagasyon move enfòmasyon ak fo enfòmasyon anliy. Advèsè etranje ak ekstremis nasyonal yo te itilize MDM pou simen divizyon pami Nouyòkè yo epi diminye koezyon kominotè a, epi lakoz anksyete, laperèz ak konfizyon. Avèk frekans MDM, ak yon ogmantasyon pousantaj jèn moun k ap resevwa nouvèl ak enfòmasyon atravè sous anliy yo, elèv ki enpòtan li yo prepare pou panse nan fason kritik konsènan sous enfòmasyon yo angaje avèk yo epi kijan pou entèprete yo.

Nan kad nouvo pwogram edikasyon medyatik la, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (DHSES) ap fè patenarya ak ekspè edikasyon yo nan edikasyon medyatik la pou devlope epi distribye yon zouti ki apwopriye ak laj, ki net sou plan ideyoloji sou edikasyon medya pou elèv nan lekòl primè ak segondè yo nan tout New York. Apwòch yo demontre pou konprann enfòmasyon sa ap devlope kapasite elèv yo pou analize, evalye, epi jije tout kalite medya ki enkli enfòmasyon yo bay sou rezo sosyo yo. Zouti

edikasyon sou medya sa, ki itilize fòmasyon ki varye pa rapò ak laj, ap ankouraje rezonman kritik epi kreye yon pi bon konpreyansyon sou kijan sistèm rezo sosyo yo travay ak anpil aksyon ki ka anje lè yon moun chwazi distribye enfòmasyon anliy.

Sezon fèt yo se yon moman pou reflète tou enpòtans fanmi ak kisa sa vle di fè pati yon kominote ki tèlman inik epi divèsifye tankou New York. Pandan sezon fèt yo ap apwoche, Gouvènè a mande fanmi New York yo diskite sou enpòtans enklizivite, pliralis, ak rejè entolerans. Ak tèlman anpil etidyan kolèj ak inivèsite k ap retounen lakay yo pou Thanksgiving, New York te pwodui yon [gid enfòmasyon](#) pou paran yo ede antame konvèsasyon sou enpak destriktif rayisans ak diskou rayisans.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Te gen yon ogmantasyon rayisans anliy ki enkyetan, espesyalman nan sa ki gen rapò ak menas antisemitis, Islamofòb, ak anti Arab. Kounye a, plis ke jamè, li enpòtan pou jèn adilt yo gen zouti yo bezwen pou kapab analize nan fason ki kritik sa yo wè anliy epi ede anpeche plis pwopagasyon diskou rayisans."

Nouvo inisyativ sa yo apiye travay elaji ki deja ankou a nan New York pou abòde pwopagasyon rayisans ak vyolans ekstremis.

Touswit apre fiziyad rasis an mas la an me 2022 nan Buffalo, Gouvènè Hochul te siyen Dekrè Egzekitif 18 ki te egzije chak konte ak Vil devlope Plan Prevansyon Teworis Lokal yo; epi kreye Inite Prevansyon Teworis Lokal la nan DHSES, pou sipòte kreyasyon ekip Evalyasyon ak Jesyon Menas lokal – oswa TAM – yo. Ekip plizyè disiplin sa yo reyini ansanm pwofesyonèl fòs lòd, sante mantal, fonksyonè lekòl yo, ak lòt pati ki konsènen nan kominote a pou idantifye, evalye, epi jere menas vyolans ki sible yo.

Depi lansman efò sa, 36 nan 58 konte ki pa nan Vil New York yo te tabli ekip TAM. Sèz nan 36 ekip yo deja ap reyini epi tande dosye yo, pandan 20 ki rete yo rankontre epi prevwa kòmanse tande dosye yo nan pa lontan. Tout konte New York yo te eksprime entansyon yo pou kreye yon ekip TAM. Anvan Dekrè Egzekitif 18 Gouvènè Hochul la, te gen sèlman twa ekip TAM ki baze nan konte nan tout eta a, ke nou tesipòte ankò atravè sibvansyon ki soti nan DHSES.

Nan dènye trimès la sèlman, ekip TAM yo te fè 53 rankont epi yo te verifye plizyè douzèn dosye ke divès pati ki konsènen nan kominote a te rekòmande:

- 94 pousan nan ekip sa yo te gen omwen yon dosye fòs lòd yo te rekòmande ba yo. 67 pousan nan ekip sa yo te gen omwen yon dosye ke yon patnè edikatif te rekòmande ba yo. 53 pousan nan ekip sa yo te gen omwen yon dosye ke yon patnè sante mantal te rekòmande; epi 27 pousan nan ekip sa yo te gen omwen yon dosye sèvis sosyal te rekòmande ba yo.

Lòt pati ki konsènen kle, tankou pwofesyonèl sante piblik, relijye, ak enstitisyon kiltirèl, ak antite sektè prive yo, te rapòte dosye bay ekip TAM yo tou.

Nan novanm 2023, Gouvènè Hochul te aktive fòs lòd yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite lè yo mobilize Lapolis Eta a pou ogmante pwoteksyon an. Sa enkli 50 milyon dola yo te mete disponib pou fòs lòd yo devlope izaj siyal legal ak 25 milyon dola nan sekirite.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X (Anvan li te rele Twitter) oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)